



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KOMISYON SÈVIS PIBLIK ETA NEW YORK LA TE
RETOUNEN APEPRÈ 4.2 MILYON DOLA BAY KONSOMATÈ YO AN 2022**

***Biwo Sèvis Konsomatè Depatman an te ede apeprè 68,000 Nouyòkè avèk plent
sèvis piblik yo an 2022***

***Nan kad Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè yo, regilatè sèvis piblik New
York la detaye kijan li ede dirèkteman konsomatè yo***

Nan kad Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè yo, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Biwo Sèvis Konsomatè nan Depatman Sèvis Piblik Eta New York la - branch pèsonèl Komisyon Sèvis Piblik la - te ede 68,000 fanmi New York avèk yon seri kesyon sou pwoteksyon konsomatè an 2022, sa ki te pèmèt Depatman an retounen apeprè 4.2 milyon dola bay konsomatè yo. Ane sa a, Semèn Nasyonal Pwoteksyon konsomatè a ap fèt soti 5 rive 11 mas.

"Nouyòkè ki travay di yo merite konpansasyon lòske sèvis piblik yo te chaje yo an eksè oswa voye bòdwo ba yo yon fason ki pa kòrèk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè de efò administrasyon mwen an pou reponn a plizyè milye plent konsènan sèvis piblik yo epi retounen plizyè milyon dola bay fanmi New York yo - kenbe konpayi yo responsab ak ranfòse pwoteksyon konsomatè yo".

Biwo Sèvis Konsomatè Depatman an siveye kantite ak kalite plent yo te resevwa kont tout konpayi sèvis piblik k ap fonksyone nan Eta New York pou asire konpayi sèvis piblik yo reponn a obligasyon yo pou bay sèvis kliyan ki efikas an konfòmite ak lwa, règ, règleman ak politik yo. Chak mwa, Biwo Sèvis Konsomatè yo fè yon rezime detaye sou aktivite plent yo ak repons sèvis piblik yo ki enfòmatif pou konsomatè yo ak konpayi sèvis piblik yo.

Prezidan Komisyon an, Rory M. Christian, te deklare, "Komisyon ak Depatman an konsantre sou rezoud plent sèvis piblik yo pou konsomatè yo nan Eta a epi asire konpayi sèvis piblik yo konfòme yo ak règleman pwoteksyon konsomatè yo. Objektif sa pèmèt nou pwomouvwa misyon istorik ak aktivite yo nan non enterè piblik la epi ede asire ke konpayi sèvis piblik yo ranbouse konsomatè yo lè sèvis piblik yo fè yon erè".

Biwo Sèvis Konsomatè Depatman an siveye plent kont konpayi sèvis enèji konpetitif (energy service companies, ESCOs) yo k ap fonksyone nan New York.

Anplis de investigasyon aktyèl sou sistèm bòdwo Central Hudson Gas & Electric Corp. la, Depatman an te resamman elaji investigasyon li nan New York State Electric & Gas Corp. (NYSEG) ak Rochester Gas and Electric Corp. (RG&E) konsènan posib move jesyon sistèm bòdwo sèvis piblik yo ak pwotokòl yo. Nan kad investigasyon an, Defansè Konsomatè Depatman an te reyalize yon seri fowòm piblik nan zòn ki afekte yo nan mwa janvye ak fevriye 2023 pou tandè preyokipasyon konsomatè yo dirèkteman. Pwoblèm yo avèk sistèm bòdwo NYSEG ak RG&E yo te vin klè lè Depatman an te kòmanse wè yon gwo ogmantasyon nan kantite plent kliyan yo.

Kòm yon rezilta dirèk ogmantasyon nan plent konsomatè yo, pèsonèl Depatman an te kòmanse yon revizyon ak yon investigasyon ki gen rapò ak chanjman nan enfòmasyon kliyan ak sistèm bòdwo konpayi yo. Plent yo ke Depatman an te resevwa varye soti nan fakti enkòrèk yo voye bay konsomatè oswa bòdwo ki trè anreta ke yo voye. An 2022, kantite plent konsomatè yo kont de konpayi yo te ogmante plis pase 4,700, 60 pousan plis pase de ane anvan yo ansanm.

Nan zafè plis pwoteksyon konsomatè, Depatman an pral kòmanse reglemante koutye enèji yo an 2023. Lejislasyon ke yo te siyen dènyèman an pral egzije moun, biznis, asosyasyon oswa kòporasyon k ap aji kòm koutye enèji oswa konsiltan pou yo enskri nan Depatman an. Anplis de sa, Gouvènè a te pwopoze 200 milyon dola soulajman pou bòdwo sèvis piblik pou jiska 800,000 fanmi New York k ap touche pi piti pase 75,000 dola pou sipòte ekspansyon pwogram Règleman sou Enèji Bon Mache Komisyon an nan ane 2023-2024, apre yo fin mete sou pye soulajman istorik pou aryere konsomatè ak ti biznis yo an 2022.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te pwopoze 200 milyon dola pou pwogram EmPower Plus la pou ede 20,000 fanmi ki gen revni ba amelyore kay yo lè yo ajoute pwoteksyon, enstale aparèy efikasite enèji yo, epi, lè sa elijib, chanje soti nan sistèm chofaj a konbistib fosil inefikas pou pase nan lòt chwa elektrik ki pwòp ak efikas. Kay ki kalifye pou yo elektrifye atravè pwogram EmPower Plus la pral elijib tou pou Garanti Enèji Bon Mache a lè yo elektrifye nèt. Garanti Enèji Bon Mache sa a pral asire Nouyòkè ki gen revni ba k ap patisipe yo p ap janm peye plis pase sis pousan revni yo nan elektrisite. Ansanm, EmPower Plus ak pwogram Garanti Enèji Bon Mache a pral konbine mezi pwoteksyon bilding ak elektrifikasyon yo ansanm ak pwoteksyon sou aksesibilite ki pral redui anpil itilizasyon enèji, amelyore konfò kay ak pèmèt gwo rediksyon nan emisyon gaz a efè sè.

Nan kad pwogram asistans pou konsomatè li yo, Depatman an bay konsomatè yo materyèl edikatif konplè, klè ak oryantasyon pou ede yo redui bòdwo enèji yo, prepare pou gwo fredi ak chalè ivè ak ete, epi aprann ak egzèsè dwa yo dapre lwa prensipal sou pwoteksyon konsomatè sèvis piblik nan New York yo, Lwa sou Pratik San Patipri nan Enèji nan Kay (Home Energy Fair Practices Act, HEFPA). Pèsonèl Depatman an enfòmè, edike ak rann otonòm konsomatè yo tou atravè sansibilizasyon an dirèk nan

tout eta a, anpil resous edikatif pou konsomatè ak kanpay enfòmasyon konvenab pou konsomatè rezo sosyal yo.

Pou depoze plent konsomatè kont yon konpayi sèvis piblik oswa pou yo resevwa plis enfòmasyon sou sèvis pou konsomatè yo, klike [isit la](#) oswa rele Liy asistans Depatman an nan 800-342-3377, lendi rive vandredi, 8:30am-4:00pm. Ou ka kontakte Depatman an alekri nan NYS Dept. of Public Service Office of Consumer Services (Biwo Sèvis Konsomatè Depatman Sèvis Piblik Eta New York), Three Empire State Plaza, Albany, NY 12223-1350.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418